# CR-05 - Objektif ak Rezilta

**Pwogrè jiridiksyon an te fè nan egzekite plan estratejik ak plan aksyon li a.91.520(a)**

HOPWA

Nan ane sivil 2022, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal nan Vil New York (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) te jere sibvansyon HOPWA pou sèvi yon total 5,885 fwaye atravè Zòn Estatistik Metwopolitèn Kalifye nan Vil New York (Eligible Metropolitan Statistical Area, EMSA) ak enstalasyon lojman pèmanan, asistans pou plasman nan yon lojman pèmanan, asistans pou lwaye ki baze sou lokatè (tenant-based rental assistance, TBRA), asistans pou lwaye, pou ipotèk ak sèvis piblik akoutèm (short-term rent, mortgage and utility, STRMU), ak sèvis sipò. Anplis bay lojman ki estab, ki an sekirite ak abòdab, pwogram HOPWA a te kontribye tou pou amelyore endikatè sou kalite lavi benefisyè HOPWA yo. Sou yon baz anyèl, DOHMH ap swiv epi evalye ak anpil atansyon rezilta konsomatè yo tankou kontinye ba yo swen; swiv tretman yo; Pousantaj COVID-19 pami konsomatè HOPWA yo epi elimine chaj viral la.

Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (Housing and Urban Development, HUD) Biwo Lojman VIH/SIDA (Office of HIV/AIDS Housing, OHH), envite Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH), Zòn Estatistik Metwopoliten Kalifye Vil Nouyòk (Eligible Metropolitan Statistical Area, EMSA), pou fè pati kowòt pilòt Inisyativ Ekite Rasyal, Sèks, ak LGBTQ+ Pwogram HOPWA a. Dapre inisyativ sa a, kominote pilòt yo pral travay pou evalye kapasite pwogram HOPWA yo genyen pou yo adrese ekite ak bay kominote yo zouti pou amelyore sistèm yo pou moun k ap viv ak VIH (people living with HIV, PLWH) gen aksè ekitab nan lojman ak sèvis yo. An 2022, nou te kreye Komite Debaz Inisyativ Ekite HOPWA nou an ki gen kat moun ki reprezante moun ki ap sipòte pwojè yo nan zòn Metwopoliten Vil Nouyòk la ak nan Konte Westchester. Tout kat yo te konplete oryantasyon yo ak fòmasyon yo epi yo ap prepare pwochen etap yo. Nou te kòmanse pwosesis pou nou gade sou fason nou anboche moun ki viv yon eksperyans (persons with lived experience, PLE) nan travay komite debaz la ap fè ak objektif pou anboche 2-3 PLE an 2023. Pwojè sa a pral kontinye adrese diferans ki genyen nan sèvis lojman pou moun pòv Nwa, Endijèn ak moun ki gen koulè (Black, Indigenous, and people of color, BIPOC), fanm, ak moun LGBTQ+ yo. Avèk asistans Esponnsò Pwojè a, pwogram nan pral kapab kontakte kominote a epi mande enfòmasyon sou bezwen aktyèl yo ki ka lakòz inegalite atravè kesyonè, entèvyou, ak apèl nan telefòn. Yo pral rapòte efò sa yo bay HOPWA nan efò pou enkòpore chanjman alontèm nan livrezon sèvis lojman. HOPWA ap kontinye travay ak moun ki ap sipòte pwojè yo ak lòt jiridiksyon HOPWA pou idantifye twou vid ki genyen nan sèvis lojman yo epi kreye zouti pou jwenn done nan yon efò pou amelyore sistèm yo.

Nan ane fiskal 22, nan kad chanjman ki fèt nan NYC EMSA, yo te fè tranzisyon aktivite HOPWA TBRA nan Konte Orange nan Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York. Nou te travay tou ak Township of Lakewood NJ pou fè tranzisyon twa Konte NJ pou aliyen ak chanjman nan NYC EMSA. Yo te akòde tout pwogram yo lajan anplis nan depans ane anvan yo pou bay yon tranzisyon san pwoblèm nan sèvis pou konsomatè yo. Tranzisyon pwogram yo te konplete nèt apati 31 desanm 2022.



Nimewo Kontwòl OMB: 2506-0117 (eksp. 09/30/2021)

**Konparezon rezilta yo pwopoze yo ak rezilta reyèl yo pou chak endikatè rezilta yo soumèt ansanm ak plan konsolide a ak esplikasyon, si sa aplikab, poukisa pwogrè yo pa t fèt pou atenn rezilta ak objektif yo.91.520(g)**

| Objektif | Kategori | Sous / Montan | Endikatè | Inite Mezi | Atant – Plan Estratejik | Aktyèl – Plan Estratejik | Pousantaj Reyalizasyon | Atant – Ane Pwogram nan | Aktyèl – Ane Pwogram | Pousantaj Reyalizasyon |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Rediksyon Penti ki gen Baz Plon nan 0.5 limit an mg/cm2 | Lojman Sosyal | $0 | Lòt | Lòt | 77,993 | 29,055 | 37.250% | 0 | 0 | 0.00% |
| Rediksyon Penti ki gen Baz Plon nan 1.0 limit an mg/cm2 | Lojman Sosyal | $0 | Lòt | Lòt | 134,084 | 108,230 | 80.72% | 0 | 0 | 0.00% |
| Reponn a Bezwen Chofaj NYCHA yo | Lojman Sosyal | $0 | Lòt | Lòt | 350 | 82 | 23.43% | 0 | 0 | 0.00% |
| Reponn a bezwen Asansè NYCHA yo | Lojman Sosyal | $0 | Lòt | Lòt | 301 | 2 | 0.66% | 0 | 0 | 0.00% |
| Jere HMIS (ESG) | Sanzabri | ESG: $37,001 | Lòt | Lòt | 0 | 0 | 0.00% | 0 | 0 | 0.00% |
| Jere pwogram sibvansyon CDBG yo | Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $2,074,392 | Lòt | Lòt | 0 | 0 | 0.00% | 0 | 0 | 0.00% |
| Kolekte Fòmilè Sou Kalite Lavi NYCHA yo | Lojman Sosyal | $0 | Lòt | Lòt | 9,000 | 0 | 0.00% | 1,800 | 7,442 | 413% |
| Fè yon analiz ak planifikasyon sou mache lojman an | Lojman Abòdab Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $9,888,629 | Lòt | Lòt | 0 | 0 | 0.00% | 0 | 0 | 0.00% |
| Kreye Lojman Abòdab - Nouvo Konstriksyon | Lojman Abòdab | HOME: $41,394,408 | Konstriksyon lojman lokatif | Inite Lojman pou Fwaye | 3,204 | 373 | 11.64% | 439 | 373 | 84.97% |
| Kreye Nouvo Opòtinite pou Pwopriyetè Kay-Downpymnt | Lojman Abòdab | HOME: $25,000,000 | Asistans Finansye Dirèk pou Moun k ap achte Kay | Fwaye ki Jwenn Sipò | 500 | 90 | 18.00% | 250 | 35 | 14.00% |

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Abri Dijans & Sèvis Esansyèl (Emergency Shelter & Essential Services, ESG) | Sanzabri | ESG: $7,595,235 | Abri Lannuit pou Moun ki Sanzabri | Moun Ki Jwenn Sipò | 70,000 | 21,541 | 30.8% | 14,000 | 12,776 | 91.3% |
| Plis lojman ekitab nan tout vil la | Lojman Abòdab Lojman Sosyal Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal | CDBG: $153,080 | Lòt | Lòt | 0 | 0 | 0.00% | 0 | 0 | 0.00% |
| Prevansyon Sanzabri (ESG) | Sanzabri | ESG: $2,949,009 | Prevansyon Sanzabri | Moun Ki Jwenn Sipò | 17,500 | 10,536 | 60.2% | 3,500 | 6,019 | 172.0% |
| Prevansyon Sanzabri for PLWHA (HOPWA) | Lojman Abòdab Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal | HOPWA: $120,000 | Prevansyon Sanzabri | Moun Ki Jwenn Sipò | 165 | 0 | 0.00% | 40 | 160 | 400.00% |
| Jere Sibvansyon HOPWA | Devlopman Kominote San Lojman | HOPWA: $6,065,554 | Lòt | Lòt | 0 | 0 | 0.00% | 0 | 0 | 0.00% |
| Amelyore ak prezève rezèv lojman nan Vil New York | Lojman Abòdab Lojman Sosyal | CDBG: $60,718,944 | Reparasyon Lojman Lokatif | Inite Lojman pou Fwaye | 270,088 | 145,855 | 54.00% | 72,271 | 59,129 | 81.82% |
| Amelyore ak prezève rezèv lojman nan Vil New York | Lojman Abòdab Lojman Sosyal | CDBG: $56,411,330 | Ranfòsman Kòd Lojman/Jere Pwopriyete ki Sezi | Inite Lojman pou Fwaye | 1,571,228 | 1,339,506 | 85.25% | 584,247 | 657,767 | 112.58% |
| Amelyore ak prezève rezèv lojman nan Vil New York | Lojman Abòdab Lojman Sosyal | CDBG: $100,397,796 | Lòt | Lòt | 140,226 | 220,122 | 156.9% | 89,414 | 62,641 | 70.06% |
| Ogmante Opòtinite Travay Rezidan yo Atravè | Lojman Sosyal | $0 | Lòt | Lòt | 1,040 | 0 | 0.00% | 260 | 256 | 98.00% |
| Ogmante rezistans pou pwochen katastwòf yo | Devlopman Kominote San Lojman | CDBG-DR: $2,075,181 / CDBG-NDR: $0 | Lòt | Lòt | 400,000 | 0 | 0.00% | 0 | 0 | 0.00% |
| Enstalasyon Siveyans Tanperati Elektwonik | Lojman Sosyal | $0 | Lòt | Lòt | 44 | 44 | 100.00% | 0 | 0 | 0.00% |

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Enstalasyon oswa Reparasyon Konpaktè Eksteryè | Lojman Sosyal | $0 | Lòt | Lòt | 10 | 10 | 100.00% | 0 | 0 | 0.00% |
| Fè Vil New York pi fasil pou viv pou moun ki andikape yo | Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $4,496,550 | Aktivite ki gen rapò ak Etablisman Piblik oswa Enfrastrikti Piblik ki diferan ak alokasyon pou lojman pou moun ki gen Revni ki Fèb/Modere | Moun Ki Jwenn Sipò | 0 | 28,115 | | 12,786 | 15,329 | 119.89% |
| Fè Vil New York pi fasil pou viv pou moun ki andikape yo | Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $160,793 | Aktivite sèvis piblik ki diferan ak Alokasyon pou Lojman pou moun ki gen Revni ki Fèb/Modere | Moun Ki Jwenn Sipò | 1,925,000 | 656,192 | 34.09% | 648,220 | 240,189 | 37.05% |
| Fè Vil New York pi fasil pou viv pou moun ki andikape yo | Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $123,348 | Reparasyon Lojman Lokatif | Inite Lojman pou Fwaye | 50 | 24 | 48.00% | 25 | 24 | 96.00% |
| Fè Vil New York pi fasil pou viv pou moun ki andikape yo | Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $120,606 | Renovasyon Lojman Kay Pwopriyetè | Inite Lojman pou Fwaye | 35 | 2 | 5.71% | 2 | 1 | 50.00% |
| Fè Vil New York pi fasil pou viv pou moun ki andikape yo | Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $116,065 | Lòt | Lòt | 15 | 28 | 186.67% | 13 | 15 | 115.38% |



Nimewo Kontwòl OMB: 2506-0117 (eksp. 09/30/2021)

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Modènize ak amelyore enstalasyon piblik yo | Sanzabri Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $8,714,557 | Aktivite ki gen rapò ak Etablisman Piblik oswa Enfrastrikti Piblik ki diferan ak alokasyon pou lojman pou moun ki gen Revni ki Fèb/Modere | Moun Ki Jwenn Sipò | 11,630,595 | 9,507,715 | 48.91% | 8,863,109 | 8,864,526 | 93.25% |
| Modènize ak amelyore enstalasyon piblik yo | Sanzabri Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $0 | Lòt | Lòt | 23 | 2 | 33.33% | 4 | 2 | 200.00% |
| Nouvo Konstriksyon Lojman Abòdab | Lojman Sosyal | $0 | Lòt | Lòt | 5,500 | 2,445 | 44.45% | 0 | 0 | 0.00% |
| Renovasyon/Amelyorasyon Aksè ak NYCHA atravè Grou | Lojman Sosyal | $0 | Lòt | Lòt | 322 | 55 | 17.08% | 0 | 0 | 0.00% |
| Siveyans Rezidans NYCHA Liy Enfòmasyon Anonim | Lojman Sosyal | $0 | Lòt | Lòt | 6,000 | 0 | 0.00% | 1,200 | 2,346 | 196% |
| Sansibilizasyon (ESG) | Sanzabri | ESG: $900,500 | Aktivite sèvis piblik ki diferan ak Alokasyon pou Lojman pou moun ki gen Revni ki Fèb/Modere | Moun Ki Jwenn Sipò | 3,500 | 2,084 | 59.5% | 700 | 1,338 | 191.1% |
| Aksesiblite Dirab Angajman Ansanm | Lojman Sosyal | $0 | Lòt | Lòt | 31,000 | 15,984 | 51.56% | 0 | 0 | 0.00% |
| Lojman Pèmanan avèk Sipò pou PLWHA (HOPWA) | Lojman Abòdab Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal | HOPWA: $875,000 | Aktivite sèvis piblik ki diferan ak Alokasyon pou Lojman pou moun ki gen Revni ki Fèb/Modere | Moun Ki Jwenn Sipò | 260 | 0 | 0.00% | 50 | 49 | 98.00% |
| Lojman Pèmanan avèk Sipò pou PLWHA (HOPWA) | Lojman Abòdab Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal | HOPWA: $0 | Aktivite ki gen rapò ak Etablisman Piblik oswa Enfrastrikti Piblik ki diferan ak alokasyon pou lojman pou moun ki gen Revni ki Fèb/Modere | Moun Ki Jwenn Sipò | 0 | 0 | 0.00% | 2,332 | 0 | 0.00% |
| Lojman Pèmanan avèk Sipò pou PLWHA (HOPWA) | Lojman Abòdab Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal | HOPWA: $171,637,865 | Aktivite sèvis piblik ki diferan ak Alokasyon pou Lojman pou moun ki gen Revni ki Fèb/Modere | Moun Ki Jwenn Sipò | 11,310 | 0 | 0.00% | 2,262 | 5,493 | 242.83% |



Nimewo Kontwòl OMB: 2506-0117 (eksp. 09/30/2021)

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Lojman Pèmanan avèk Sipò pou PLWHA (HOPWA) | Lojman Abòdab Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal | HOPWA: $171,637,865 | Yo te ajoute Lojman pou Moun ki gen VIH/SIDA | Inite Lojman pou Fwaye | 10,080 | 0 | 0.00% | 2,064 | 5,493 | 266.13% |
| Lojman Pèmanan avèk Sipò pou PLWHA (HOPWA) | Lojman Abòdab Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal | HOPWA: $171,637,865 | Fonksyònman Lojman pou VIH/SIDA | Inite Lojman pou Fwaye | 1,230 | 0 | 0.00% | 268 | 182 | 67.91% |
| Prezève batiman ak zòn istorik yo | Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $22,500 | Tretman fasad/antrepriz reparasyon batiman | Antrepriz | 6 | 2 | 33.33% | 1 | 1 | 100% |
| Prezève batiman ak zòn istorik yo | Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $33,595 | Renovasyon Lojman Kay Pwopriyetè | Inite Lojman pou Fwaye | 14 | 3 | 21.43% | 3 | 3 | 100% |
| Anpeche Deplasman epi Diminye Responsablite Depans yo-TBRA | Lojman Abòdab | HOME: $6,800,000 | Asistans pou lweyaj ki baze sou lokatè / Relojman Rapid | Fwaye ki Jwenn Sipò | 2,301 | 1,398 | 60.76% | 330 | 690 | 209.09% |
| Bay espas lwazi ak vèt | Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $2,584,169 | Aktivite sèvis piblik ki diferan ak Alokasyon pou Lojman pou moun ki gen Revni ki Fèb/Modere | Moun Ki Jwenn Sipò | 86,330,286 | 36,783,055 | 42.61% | 17,240,764 | 18,409,178 | 106.78% |
| Bay espas lwazi ak vèt | Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $268,172 | Lòt | Lòt | 200 | 55 | 27.5% | 40 | 52 | 130% |
| Bay abri ak sèvis ki an sekirite | Sanzabri | CDBG: $1,229,503 | Aktivite sèvis piblik ki diferan ak Alokasyon pou Lojman pou moun ki gen Revni ki Fèb/Modere | Moun Ki Jwenn Sipò | 15,718 | 10,053 | 63.96% | 4,350 | 5,308 | 122.02% |
| Bay abri ak sèvis ki an sekirite | Sanzabri | CDBG: $24,121,919 | Abri Lannuit pou Moun ki Sanzabri | Moun Ki Jwenn Sipò | 67,000 | 12,970 | 19.36% | 4,700 | 4,969 | 105.72% |

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Asire sekirite ak endepandans granmoun aje yo | Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $1,736,330 | Aktivite sèvis piblik ki diferan ak Alokasyon pou Lojman pou moun ki gen Revni ki Fèb/Modere | Moun Ki Jwenn Sipò | 30,430 | 16,624 | 54.63% | 5,752 | 9,119 | 158.54% |
| Bay sèvis sosyal ak edikasyon | Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $9,431,627 | Aktivite sèvis piblik ki diferan ak Alokasyon pou Lojman pou moun ki gen Revni ki Fèb/Modere | Moun Ki Jwenn Sipò | 626,365 | 268,888 | 42.93% | 138,873 | 127,367 | 91.71% |
| Fon pou Prezèvasyon Lojman Sosyal | Lojman Sosyal | $0 | Lòt | Lòt | 75,000 | 0 | 0.00% | 0 | 0 | 0.00% |
| Rekipere epi rekonstwi apre Ouragan Sandy | Lojman Abòdab Lojman Sosyal Devlopman Kominote San Lojman | CDBG-DR: $90,899 | Antrepriz ki jwenn asistans | Antrepriz ki jwenn asistans | 400 | 0 | 0.00% | 0 | 0 | 0.00% |
| Rekipere epi rekonstwi apre Ouragan Sandy | Lojman Abòdab Lojman Sosyal Devlopman Kominote San Lojman | CDBG-DR: $0 | Batiman ki Kraze | Batiman | 37 | 0 | 0.00% | 0 | 0 | 0.00% |
| Diminye menas pou sante ak sekirite piblik | Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $21,750,503 | Batiman ki Kraze | Batiman | 178 | 57 | 32.02% | 30 | 33 | 110.00% |
| Reparasyon twati NYCHA yo | Lojman Sosyal | $0 | Lòt | Lòt | 947 | 246 | 25.98% | 0 | 0 | 0.00% |
| Idantifikasyon Resous | Idantifikasyon Resous | HOPWA: $80,000 | Lòt | Lòt | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 0.00% |
| Soutni devlopman kominotè atravè planifikasyon | Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $15,254,228 | Lòt | Lòt | 0 | 0 | 0.00% | 0 | 0 | 0.00% |
| Soutni devlopman ekonomik | Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $0 | Tretman fasad/antrepriz reparasyon batiman | Antrepriz | 1 | 0 | 0.00% | 0 | 0 | 0.00% |

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Soutni devlopman ekonomik | Devlopman Kominote San Lojman | CDBG: $2,416,338 | Lòt | Lòt | 437 | 180 | 41.19% | 94 | 94 | 100% |
| Asistans pou Lwaye Baze sou Lokatè pou PLWHA (HOPWA) | Lojman Abòdab Lojman Sosyal Non-Sanzabri Bezwen Espesyal | HOPWA: $26,380,362 | Asistans pou lweyaj ki baze sou lokatè / Relojman Rapid | Fwaye ki Jwenn Sipò | 1,525 | 0 | 0.00% | 280 | 364 | 130.00% |

**Tablo 1 - Reyalizasyon – Ane Pwogram ak Plan Estratejik jiska Prezan**

**Evalye fason itilizasyon fon jiridiksyon an, sitou CDBG, reponn ak priyorite ak objektif espesifik yo idantifye nan plan an, bay atansyon espesyal ak aktivite ki gen plis priyorite yo idantifye yo.**

HOPWA

Rezilta pwogram HOPWA te vize yo te depase pwojeksyon anyèl yo nan tout domèn, eksepte Lojman Abòdab pou moun ki gen Bezwen Espesyal ki Pa Sanzabri yo. Espesyalman, rezilta enstalasyon kongregasyon nou yo te pi ba pase sa yo prevwa, paske sèlman 182 nan 268 objektif yo te prevwa yo te reyalize. Esponnsò pwojè nou yo te fè fas ak obstak nan rekritman konsomatè yo, sepandan plizyè nan pwogram HOPWA nou yo te transfere kèk kliyan soti nan pwogram HOPWA yo nan lòt pwogram lojman oswa lavi endepandan. Plasman Lojman Pèmanan pou PLWHA depase pwojeksyon yo. Tanpri sonje kontra Asistans pou Plasman Lojman HOPWA nou yo te fini apati 31/12/2021, se sèlman kontra Asistan Lwaye nou yo ki bay plasman kòm yon pati nan finansman yo.

Evalyasyon Pèfòmans Pwogram CDBG

An 2022, pwogram CD Vil la finanse yo an jeneral te atenn oswa depase objektif yo.Sepandan, plizyè objektif te gen reyalizasyon aktyèl ki te omwen 25 pousan pi wo oswa pi ba pase pwojeksyon 2021 yo. Anba a se yon eksplikasyon pou chak aktivite.

- Anba Amelyore ak Prezève Rezèv Lojman Vil Nouyòk la, pwogram ki nan Administrasyon Reyabilitasyon Lojman yo, Pwogram Prevansyon Prensipal (Primary Prevention Program, PPP) te satisfè pwojeksyon akonplisman li yo paske pri mwayèn pou chak inite Pwogram nan te ogmante dramatikman depi 2020; kòm yon rezilta, menm kantite lajan an nan finansman ka pwodwi mwens inite. Anplis de sa, an Desanm 2021, Vil NY te redefini penti ki baze sou plon soti nan 1.0 mg/sq cm jan yo mezire pa machin flyoresans radyografi, a .5 mg/sq cm. Se poutèt sa, dimansyon travay ratrapaj te vin pi vas ak chè. Anmenmtan, Pwogram 7A a, tou nan Reyabilitasyon ak Administrasyon Lojman, pa t atenn reyalizasyon li yo paske pwogram nan te gen gwo reta ki gen arevwa ak konstriksyon.
- Anba objektif Fè Vil New York pi fasil pou vivpou moun ki gen andikapSèvis pou moun ki gen andikap yo pa t atenn objektif pwogram yo akòz chanjman anplwaye yo ak pèt aksè nan sistèm koleksyon done yo. Anplis de sa, Pwojè Open House pa t atenn reyalizasyon li te prevwa pou Inite Lojman Pwopriyetè Kay yo Reyabilite. Pwogram nan te espere fini de pwojè men li te sèlman kapab fini youn akòz reta konstriksyon.
- Pwojeksyon pou modènize ak amelyore enstalasyon piblik yo te mal ekri nan plan aksyon an. Depatman pou Moun ki Aje ( Department for the Aging) pa t fini kèk nan pwojè yo te pwojte yo.
- Greenthumb te depase reyalizasyon li te prevwa an 2022 pou Amelyorasyon Etablisman Piblik yo akòz ogmantasyon nan konstriksyon jaden ak travay masonn, ki gen ladan fondasyon bilding pou nouvo abri zouti.
- Elderly Safe-at-Home, anba objektif Bay sekirite ak endepandans pou pwogram granmoun aje yo sanble te depase pwojeksyon 2022 yo pa plis pase 25 pousan. Sepandan, li parèt te gen yon erè antre done kote 7,254 te vin 4,254. Biznis ki resevwa asistans anba objektif devlopman ekonomik sipò yo endike kòm “0” biznis ki ede yo, men reyalizasyon yo ta dwe reflete kòm Lòt, kidonk tou de aktivite ki finanse anba Avenue NYC yo anrejistre anba endikatè “Lòt”.

- Tout reyalizasyon anba Sibvansyon Siklòn Sandy la anrejistre kòm “0”, paske Vil la pa t ap itilize okenn depans ki asosye ak reyalizasyon an 2022.

Evalyasyon CDBG pou Adrese Objektif Espesifik yo

Règleman pwogram yo di ke chak aktivite CD finanse dwe benefisye swa moun ki gen revni ki ba oswa modere (ba/mod), anpeche oswa elimine bidonvil oswa maladi, oswa satisfè yon bezwen ijan. Anplis de sa, omwen 70 pousan nan fon pwogram CD yo dwe benefisye moun ki ba/mod. Vil Nouyòk kenbe diskresyon nan sèvi ak lajan li yo pou renovasyon lojman, antretyen, ak sèvis; devlopman ekonomik; amelyorasyon ak renovasyon enstalasyon piblik yo; ak sèvis piblik yo. Objektif yo idantifye nan modil sa a ak pwogram ki sipòte yo te priyorite tou de pou kapasite yo pou yo adrese bezwen yo idantifye nan Plan Estratejik senkan 2021-2025 la ak pou avantaj yo pou moun ki gen revni ba/mod ak kominote yo. Pou Ane Sivil 2022, 82.2 pousan nan fon CD yo te itilize pou benefisye moun ki gen revni ba/mod. Ane Sivil 2022 se twazyèm ane peryòd sètifikasyon plizyè ane pou avantaj ba/mod. Ane pwogram ki kouvri nan sètifikasyon pou plizyè ane yo se 2020, 2021, ak 2022. Pousantaj Avantaj plizyè ane pou moun ki gen revni ba/mod yo se 83.2.

Pwogram CD a limite tou nan pwogram li kapab finanse pa limit depans ki endike anba a. Vil la pre tou de limit epi li pa kapab finanse lòt pwogram ki ta ka antre nan kategori sa yo.

- Yon limit 15 pousan sou Sèvis Piblik, ki kalkile lè w divize sòm depans Sèvis Piblik ak obligasyon ki pa likide pa sòm sibvansyon ane aktyèl la ak revni pwogram ane anvan an. An 2022, pousantaj Sèvis Piblik Vil la te 9.6 pousan.
- Yon limit 20 pousan sou aktivite Planifikasyon ak Administrasyon, ki kalkile lè w divize sòm depans Planifikasyon ak Administrasyon ak obligasyon ki pa likide pa sòm sibvansyon ane aktyèl la ak revni pwogram ane aktyèl la. An 2022, pousantaj Planifikasyon ak Administrasyon Vil la te 16.5 pousan.

An 2022, Vil la te gen yon total $532,588,803 disponib nan Dwa Ane Fiskal Federal 2022 a, revni pwogram, kredi revni, ak akimilasyon. Depans total yo te $364,009,263. Sa a se yon to depans 68.35 pousan.

Tanpri sonje montan depans ki anwo a gen ladan $41,784,289 nan finansman Dwa CDBG ki gen rapò ak repons COVID. An 2020, Vil la te resevwa $224,363,433 nan finansman CDBG-CV nan Lwa CARES pou anpeche, prepare epi reponn a COVID-19. Anplis de sa, Vil la te redistribye $146,366,000 nan fon Dwa CDBG ane avan yo nan efò sa a, pou yon total de $370,729,433 yo atribye ba pwogram ki gen rapò ak COVID. Apati 31 desanm 2022, ranbousman CDBG-CV te totalize $170,917,840, ak $39,420,355 yo te tire nan ane kalandriye 2022. Ant pwogram Dwa ak pwogram CV ki finanse, Vil la te tire yon total $403,429,618 nan finansman CDBG nan ane kalandriye 2022.